

Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENTÈVANSYON LAPOLIS ETA A SOU EKSE VITÈS YO

Kanpay Ranfòsman "Semèn Vitès" Lan Ap Òganize Jiska 12 Jen

Eksè Vitès se yon Koz Prensipal Aksidan Mòtèl yo nan Eta New York Chak Ane

Lapolis Eta New York pral Kontinye Fè Patwouy nan Zòn Travay yo epi Sible Vyolasyon 'Lwa Mete W A Kote' yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Lapolis Eta New York la pral sible chofè ki fè eksè vitès yo ak sa ki agresif yo pandan yon inisyativ ranfòsman sikilasyon pandan tout yon wikenn espesyal. Entèvansyon ranfòsman "Semèn Vitès" ane sa a te kòmanse nan Jedi 6 Jen, epi ap kontinye jiska Mèkredi 12 Jen. Manm Patwouy yo pral ap fè patwouy aktivman nan zòn travay sou otowout yo epi yo pral sible chofè ki vyole Lwa Mete W A Kote (Move Over Law) New York lan.

"Nou pa pral tolere chofè ki fè eksè vitès yo ak sa ki agresif yo poutèt yon rezon byen senp: sa ap mete tout moun an danje, epi eksè vitès se koz prensipal aksidan mòtèl yo chak ane nan Eta New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou egzòte tout chofè yo fè sekirite vin priorite prensipal yo, obeyi limit vitès yo, pa itilize aparèy elektwonik yo, epi mete ou a kote lè ou wè veyikil ijans yo ak travayè sou otowout yo ki sou bò wout la."

Sipè-entandan Lapolis Eta New York la Keith M. Corlett te deklare, "Pandan sezon vwayaj estival la ap vanse, nou vle pou chofè yo konprann ke eksè vitès yo ka gen konsekans ki trajik. Manm patwouy nou yo pral vizib anpil pandan peryòd ranfòsman sikilasyon sa a ak pandan peryòd vwayaj estival ki chaje a, pou asire ke chofè yo aplike limit vitès ki afiche yo epi retire chofè ki ensousyan yo sou wout la."

"Mwen ap rejwenn Gouvènè a nan egzòte tout chofè yo obeyi limit vitès la epi pou yo pa janm konstwi distrè oswa anba enfluyans alkòl", **se sa Mark J. F. Schroeder, ki se Komisè Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles) Eta New York lan, ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee), te deklare.** "Eksè vitès se yon enfraksyon ki danjere epi ke yo ka evite ki mete lavi tout moun ki sou wout la an danje. Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a rekonesan anvè patnè nou yo ki nan fòs lapolis la ki ap travay pou pwoteje otowout nou yo alafwa pandan kanpay sa a ak pandan tout ane a."

Vitès liste kòm yon faktè ki kontribye nan preske yon tyè nan aksidan mòtèl yo nan Eta New York. Daprè Enstiti pou Jesyon ak Rechèch sou Sekirite Sikilasyon (Institute for

Traffic Safety Management and Research, ITSMR) nan University at Albany a, an 2017, 301 moun te mouri epi 18,178 lòt moun te blese nan Eta New York akòz aksidan ki an rapò ak eksè vitès yo. Administrasyon Sekirite Sikilasyon Otowout Nasyonal la (National Highway Traffic Safety Administration) rapòte ke aksidan sikilasyon yo se kòz prensipal lanmò moun ki gen laj ant twa a 33 an.

Pandan peryòd ranfòsman "Semèn Vitès" sa a, Manm Patwouy yo pral itilize alafwa veyikil Lapolis Eta ki gen mak yo ak veyikil Ranfòsman Sikilasyon Idantite Ki Kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) yo nan kad operasyon an. Veyikil CITE yo ap pèmèt manm patwouy yo idantifye pi fasilman otomobilis yo ki ap vyole lwa yo pandan yo ap kondwi. Veyikil sa yo ap kamoufle nan sikilasyon chak jou yo, men yon fwa limyè ijans lan aktive moun ka rekonèt yo byen fasil tankou veyikil ijans.

Eksè vitès tout kategori veyikil ap fè, ak tou lòt enfraksyon sikilasyon, pral pini sevèman pandan tout wikenn lan an plis aplikasyon lalwa nòmal pandan tout ane a. Manm patwouy yo pral siveye tou pou lòt vyolasyon sikilasyon, ki enkli chofè ki distrè oswa ki anba enfluyans alkòl yo, okipan veyikil yo ki pa byen mete sentiwon yo, ak chofè ki ap vyole Lwa Mete W A Kote (Move Over Law) New York lan.

Pandan Kanpay Semèn Vitès Jen 2018 lan, Manm Patwouy yo te bay 24,581 tikè an total, ki gen pami yo 11,380 pou eksè vitès, 673 pou moun ki ap kondwi ki distrè yo, ak 388 pou vyolasyon Lwa Mete W A Kote a.

Amann pou eksè vitès sou otowout ki gen yon vitès limit 89 kilomèt pa èdtan oswa zòn ki afiche 105 kilomèt pa èdtan yo jan nou pral site la a:

16 kilomèt pa èdtan oswa pi piti sou limit la - minimòm 45 dola/maksimòm 150 dola
18 - 48 kilomèt pa èdtan sou limit la - minimòm 90 dola/ maksimòm 300 dola
50 kilomèt pa èdtan oswa plis sou limit la - minimòm 180 dola/ maksimòm 600 dola

Dezyèm Kontravansyon

16 kilomèt pa èdtan oswa pi piti sou limit la - minimòm 45 dola/ maksimòm 300 dola
18 - 48 kilomèt pa èdtan sou limit la - minimòm 90 dola / maksimòm 450 dola
50 kilomèt pa èdtan oswa plis sou limit la - minimòm 180 dola/ maksimòm 750 dola

Twazyèm Kontravansyon

16 kilomèt pa èdtan oswa mwens sou limit la - minimòm 45 dola/ maksimòm 525 dola
18 - 48 kilomèt pa èdtan sou limit la - minimòm 90 dola/ maksimòm 675 dola
50 kilomèt pa èdtan oswa plis sou limit la - minimòm 180 dola/ maksimòm 975 dola

Frè Tribinal yo jan nou pral site la a:

Tribinal Vil oswa vilaj - 93 dola
Lòt Tribinal (tribinal sikilasyon vil, elatriye.) - 88 dola

Estrikti Pwen Vyolasyon:

1 a 16 kilomèt pa èdtan sou limit la = 3 pwen
18 a 32 kilomèt pa èdtan sou limit la = 4 pwen
34 a 48 kilomèt pa èdtan sou limit la = 6 pwen
48 a 64 kilomèt pa èdtan sou limit la = 8 pwen

Plis pase 64 kilomèt alè sou limit la = 11 pwen (deklanche sispansyon)

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)